

Atansyon

Rezidan North Miami, Pwopriyetè Biznis ak
Moun ki genyen enterè nan Kominote a,
vil North Miami envite nou tout nan yon
reyinyon vityel kap fèt

Madi 4 out 2020 a pati de 6:30 pou rive 7:45 nan aswè
pou nou patisipe epitou bay opinyon nou sou
Pwogram Devlopman Kominotè pou 5 prochen lane yo 2020-2024
ak Plan Aksyon Anyèl 2020-2021 an.

Youn nan pati pwojè Plan Konsolide pou 5 prochen ane 2020-2024
ak Plan Aksyon Anyèl 2020-2021 kap vini an se obligasyon pou
vil la fè yon reyinyon pou piblik la ka patisipe.

Objektif reyinyon sa se mande opinyon piblik la sou pwogram ak aktivite ki kalifye
anba CDBG ak HOME sibvansyon ke vil la espere resevwa epi pou mete pwogram ak
aktivite sa yo kòm priorite pou zòn ki kalifye nan tout vil la. Youn nan eleman ki nan
Plan Konsolide 2020-2024 lan ak Plan Aksyon Anyèl 2020-2021 an se idantifye resous ak
strateji pou ede satisfè bezwen lojman ak devlopman kominotè ke vil la genyen.



POU PATISIPE NAN REYINYON SA ITILIZE LYEN SA POU KONEKTE

NorthMiamiFL.gov/InputSession08042020

Moun ki vle patisipe dwe gen mwayen pou yo antre sou aplikasyon Zoom
lan, kidonk yo dwe genyen bon jan entènèt koneksyon epi aparèy ak bon
son epi ki gen videyo pou yo ka patisipe nan reyinyon an.

Si toutefwa ou pa ka patisipe nan reyinyon kap fèt sou Zoom lan ou ka
rele nan nimewo ki nan lis reyinyon Zoom nan oswa tape kesyon ou ka
genyen nan aplikasyon Zoom nan.

Pou ane Fiskal 2020-2021

U.S. Department of Housing and Urban Development (HUD) ki se depatman ki okipe zafè
lojman ak devlopman kominotè pa bò isit, ap bay vil North Miami sibvansyon pou yon total:

\$769,534.00

anba pwogram CDBG an

\$298,154.00

anba pwogram HOME lan pou ede rezidan yo.

**Pou plis enfòmasyon, rele Housing and Social Services Department
ki se depatman ki okipe lojman nan vil la nan 305-895-9895.**